

early steps



Early Steps bay sèvis pou tibebe ak jèn bebe, jiska ki gen laj 36 mwa, epi ki gen andikap oswa reta devlopman. Early Steps sèvi timoun yo nan kominote kote y ap viv, aprann ak jwe.

REFERANS

Centers for Disease Control and Prevention (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande yon referans nan entèvansyon rapid san pèdi tan apre yon doktè fè dyagnostik sou yon tibebe pou asire avantaj maksimòm. Si ou gen yon tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika, sèvis Early Steps disponib pou ou depi ou rele nimewo 1-800-218-0001.

SÈVIS YO

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ka bezwen evalyasyon siplemantè ak laswenyaj siplemantè, tankou sipò devlopman. Early Steps bay sèvis ki adapte pou chak moun apa epi ki sipòte fanmi yo pou yo satisfè bezwen devlopman pitit yo. Kèk nan sèvis sa yo se kowòdinasyon sèvis, enfòmasyon sou devlopman timoun, enfòmasyon pou paran ak moun k ap bay swen, ak lòt sèvis ak sipò devlopman yo detèmine ki nesèsè.

FRÈ POU PEYE

Pa gen egzijans dapre revni pou kalifye pou pwogram nan. Timoun yo ap resevwa sèvis yo, kèlkeswa revni fanmi yo, epi nou p ap fè fanmi yo peye frè pou sèvis yo. Men, n ap voye bòdwo ba asirans piblik, epitou n ap voye bòdwo ba asirans prive avèk pèmision fanmi an.

Enfeksyon Zika

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ak/oswa mikwocefali kalifye pou Early Steps.

Devlopman sèvo ki pi rapid la fèt nan premye 1,000 jou lavi tibebe a, ki se yon peryòd ki enpòtan anpil pou aprann wè, pale, mache ak panse.



www.earlystepsdirectory.com
1-800-218-0001

early steps



Early Steps bay sèvis pou tibebe ak jèn bebe, jiska ki gen laj 36 mwa, epi ki gen andikap oswa reta devlòpmantal. Early Steps sèvi timoun yo nan kominote kote y ap viv, aprann ak jwe.

REFERANS

Centers for Disease Control and Prevention (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande yon referans nan entèvansyon rapid san pèdi tan apre yon doktè fè dyagnostik sou yon tibebe pou asire avantaj maksimòm. Si ou gen yon tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika, sèvis Early Steps disponib pou ou depi ou rele nimewo 1-800-218-0001.

SÈVIS YO

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ka bezwen evalyasyon siplemantè ak laswenyaj siplemantè, tankou sipò devlòpmantal. Early Steps bay sèvis ki adapte pou chak moun apa epi ki sipòte fanmi yo pou yo satisfè bezwen devlòpmantal pitit yo. Kèk nan sèvis sa yo se kowòdinasyon sèvis, enfòmasyon sou devlopman timoun, enfòmasyon pou paran ak moun k ap bay swen, ak lòt sèvis ak sipò devlòpmantal yo detèmine ki nesèsè.

FRÈ POU PEYE

Pa gen egzijans dapre revni pou kalifye pou pwogram nan. Timoun yo ap resevwa sèvis yo, kèlkeswa revni fanmi yo, epi nou p ap fè fanmi yo peye frè pou sèvis yo. Men, n ap voye bòdwo ba asirans piblik, epitou n ap voye bòdwo ba asirans prive avèk pèmision fanmi an.

Enfeksyon Zika

Tibebe ki fèt avèk enfeksyon Zika ak/oswa mikwocefali kalifye pou Early Steps.

Devlopman sèvo ki pi rapid la fèt nan premye 1,000 jou lavi tibebe a, ki se yon peryòd ki enpòtan anpil pou aprann wè, pale, mache ak panse.



www.earlystepsdirectory.com
1-800-218-0001

